EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc




# INTERNATIONAL LABOR MIGRATION AND ITS MANAGEMENT

**Kalmuratov Sansizbay Toktabaevich**
University of Innovative Technologies
Head of the Educational and Methodological Department
qalmuratovsansizbay@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.19691484

ARTICLE INFO
Received: 15th April 2026
Accepted: 21st April 2026
Online: 22nd April 2026
KEYWORDS
*International migration, labor migration, migration management, integration policy, global and regional experiences.*

ABSTRACT
*This article analyzes the processes of international labor migration, their management mechanisms, and socio-economic consequences. The article examines the global and regional dimensions of migration, the social, economic, and cultural impacts of labor migration, as well as migration management strategies, using the examples of Germany and Central Asian countries. Furthermore, problems arising from migration are analyzed, including integration challenges and legal and financial security issues.*

# XALIQARALIQ MIYNET MIGRACIYASI HÁM ONI BASQARIW

**Kalmuratov Sansizbay Toktabaevich**
Innovatsion texnologiyalar universiteti
Oʻquv-uslubiy boʻlim boshligʻi
qalmuratovsansizbay@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.19691484

ARTICLE INFO
Received: 15th April 2026
Accepted: 21st April 2026
Online: 22nd April 2026
KEYWORDS
*Xalıqaralıq migraciya, Miynet migraciyası, Migraciya basqarıwı, Integraciya siyasatı, Global hám regionallıq tájiriybeler.*

ABSTRACT
*Bul maqalada xalıqaralıq miynet migraciyası processleri, olardı basqarıw mexanizmleri hám sociallıq-ekonomikalıq aqıbetleri talqılanadı. Maqalada Germaniya hám Oraylıq Aziya mámleketleri mısalında migraciyanıń global hám regionallıq ólshemleri, jumısshı kúshi migraciyasınıń sociallıq, ekonomikalıq hám mádeniy tásirleri, sonday-aq, migraciyanı basqarıw strategiyaları kórip shıǵılǵan. Sonday-aq, migraciya aqıbetinde júzege keletuǵın mashqalalar, sonıń ishinde, integraciya qıyınshılıqları, huqıqıy hám finanslıq qáwipsizlik máseleleri tallanadı.*

Sońǵı jıllarda dúnya boylap migraciya processleri sezilerli dárejede artıp barmaqta. Migraciya túrli mámleketler hám aymaqlarda tek ekonomikalıq emes, al sociallıq, siyasiy hám mádeniy processlerge de tásir

kórsetpekte. Migraciya menen baylanıslı qıyınshılıqlar, sonıń ishinde, tildi bilmew, jergilikli úrp-ádetler hám diniy qádiriyatlardı túsinbew, gigiena hám medicinalıq xızmetlerge jeterli dárejede múrájat etpew, túrli keselliklerdiń tarqalıwı, sociallıq ádep-ikramlılıq qaǵıydaların bilmew sıyaqlı máseleler kóplegen mámleketler ushın áhmietli mashqala bolıp esaplanadı.

Usı mashqalalardı saplastırıw hám migraciya processlerin basqarıw ushın mámleketler túrli basqarıw mexanizmlerin qollanadı. Migraciya proceslerin nátiyjeli basqarıwda miynet kúshi resursların tártipke salıw, olardı nızamlastırıw hám normativlik hújjetler arqalı tártipke salıw eń áhmietli faktor esaplanadı.

Jumısshı kúshi migraciyasin tártipke salıwda xalıq aralıq shólkemlerdiń áhmiyeti úlken bolıp tabıladı. Bunday shólkemlerden biri Xalıq aralıq miynet shólkemi (XMSH) bolıp tabıladı, bul shólkemde mámleketler, isbilermenler hám miynetkeshler wákilleri qatnasadı.

Migracion processlerdi basqarıwda bul processlerdiń tiykarǵı jònelislerin anıqlap alıw zárúrli áhmiyetke iye. Xalıq aralıq jumısshı kúshi migraciyasiniń 5 jòneliske ajıratıp kòrsetiw múmkin:

1) Rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń sanaatı rawajlanǵan migraciya;

2) Sanaatı rawajlanǵan mámleketler sheńberindegi migraciya;

3) Rawajlanıp atırǵan mámleketler arasındaǵı migraciya;

4) Burıngı socialistlik mámleketlerdiń sanaatı rawajlanǵan mámleketlikler migraciya;

5) Ilimiy xızmetkerler, maman qániygelerdiń sanaatı rawajlanǵan mámleketlerden rawajlanıp atırǵan mámleketler migraciyası.

BMSHniń statistikalıq maǵliwmatlarina qaraǵanda, Evropa xalqı 2050 jılǵa barıp, 128 mlnǵa azayadı, bunda Italiya - 16 mln, Germaniya - 23 mln, Rossiya - 33 mln adamin joǵaltadı[1]. Eń áhmiyetlisi, Evropa ulıwma xalqınıń 10% i ǵana Evropalıq túbirge taqaladı.

EI aymaǵında migracion aǵımdı hám òzge mádeniyattaǵılar jámiyetshiligin tártipke salıw boyınsha arnawlı bir jumıslarda ilimiy-teoriyalıq, ámeliy áhmiyetke iye bolıp atır.

Germaniya immigraciya siyasatı òzine tán arnawlı qaǵıyda hám qàdiryatlardan kelip shıqqan bolip, ol kòp ǵana Evropa mámleketlerinde qızıǵıwshılıq oyattı.

Egerde 1973 jılda 3,9 mln. (GFR) shet ellik jasaǵan bolsa, 30 jıldan soń bul kòrsetkish yaǵniy 2002 jılda 7,3 mln. di quradı. Germaniyalıq emigrantlardıń kòpshiligi “úshinshi mámleket” adamları bolip, olar etnomàdeniy kóz qarastan, kòp ǵana mashqalalardi keltirip shıǵaradı.

2000-jıl 1 yanvardan kúshke kirgen “Puqaralıq haqqındaǵı ”gi nızamına kòre, 2000-jılǵa shekem emigrantlardan tuwılǵan balalar tikkeley nemis puqaralıǵın qolǵa kiritedi[2]. Òspirim jasına jetkenge shekem (18 jas ) olar ata-analarınıń puqaralıǵın saqlap turadı, biraq 23 jasqa shekem puqaralıqtı anıq tańlawları talap etiledi. Puqaralıq alıwǵa

[1] United Nations. *World Population Prospects 2022*. New York: United Nations, 2022

[2] German Nationality Act (Staatsangehörigkeitsgesetz). Berlin, 2000

jumıssızlıq pensiyasın alıwshılar, sudlanǵanlar dawagerlik ete almaydı. Sonday aq nemis tilin ùyreniw boyınsha test alıw májburiy etip qoyildi. Ulıwma esapta 2000-2004-jıllar aralıǵında 191107 emigrantlardıń perzentleri nemis puqaralıǵın qolǵa kirgizdi[3]. Olardıń kòpshiligin etnik túrkler quraydı.

Germaniya jańa migracion siyasatınıń túpkilikli mánisi sol boldi, Germaniya òzin juwmaqta rásmiy "immigracion mámleket" dep daǵazaladı. Jàne bir zárúrli tárepi sol boldı immigrantlarǵa túrli tanıstırıw kursları (630 saatqa arnalǵan federal programma) belgilengen bolıp, ol "úshinshi mámleket"ler menen Evropa mámleketleri puqaraların birdey kòredi. Musılman hayallar ushın da bólek kurslar belgilengen bolip, bul juwmaqta olardıń miynet iskerligine tezirek aralasıp ketiwlerine járdem beredi. Òz gezeginde, bul kurslardan bas tartqan adamlarǵa sharalar kóriledi.

2006-jıl 14 iyulda Berlinde federal kancler basshılıǵında shet ellikler integraciyası máselesi boyicha Sammit bolip òtti. Ol jaǵdayda barlıq mápdar tárepler, siyasatshılar, ekonomistler, kásiplik awqamları, diniy mekeme wákilleri, sonıń menen birge, mádeniyat hám sport wákilleri qatnastı[4]. Angela Merkel bul konfrenciya migrantlar hám Germaniya siyasatshıları ortasındaǵı integracion siyasat ushın ashıq dialog platforms bolıwı kerekligin bildirdi. Bunıń nátiyjesinde, 2007-jıldıń yarımına shekem altı jumısshı gruppa dúziliwi hám olar ulıwma milliy integracion koncepciya (ásirese, talim hám nemis tilin ùyreniw boyınsha) islep shıǵıwlari belgilendi.

Germaniya jańa immigracion siyasatı ámelde bir waqtınıń òzinde, mámlekette jasap atırǵan hám kiyatırǵan emigrantlar ushın kòp ǵana qolaylıqlardı belgilep berdi. Tàlim hám til procesine tùrtki berilip atırǵanlıǵı bolsa bólek dıqqatqa iye. Ilmiy tájriybe hám til biliw ámelde, shaxstıń keyingi perspektivasın belgilep beredi.

Migracion processlerdi analiz etiwde, ondaǵı zárúrli mashqalalıq máselelerdiń de bar ekenligin inabatqa alıw zárúr. Belgili háreket iskerligi dawamında kópshilik migrantlar ekspluataciya etiledi hám olardıń huqıqları ayaq astı qılınadı; kópshilik jaǵdaylarda jònelis alǵan mánzil mámleketler mádeniyatı hám turmıs tárizine salıstırǵanda integraciyalasiw qıyın keshiwi múmkin; migrantlardı qabıl etip atırǵan mámleketlerdiń maman qàniygesi hám zárúr esaplanǵan kadrlarına salıstırǵanda arzan jumısshı kúshi retinde básekige shıdamlı bolıp, olardı jumıs orınlarınan azat etiwi múmkin. Mine sol hám basqa kòplegen sebeplerge kòre migraciya jaǵdayın hár tárepleme, atap aytqanda sociologik úyreniw zárúrli tema esaplanadı.

Usı migraciyanıń kóleminen tısqarı jàne bir zárúrli tárepi, sociallıq-siyasiy tárepi de bar, ol házirgi waqıtta da Evropalıq esaplanǵan amerikalıqlardıń tiykarlanıp kelip shıǵıwı Afrikalıq bolǵan qullardiń áwladlarına salıstırǵan dárejede tàsir kúshine iye ekenligi bolıp tabıladı. Sonday bolsa da AQSHqa qul iyelewshiliktiń tamamlanıwınan keyin de Qitay, Indiya hám Yaponiyadan júdá

[3] Federal Statistical Office of Germany. *Population and Migration in Germany*. Wiesbaden

[4] Federal Government of Germany. *The National Integration Plan*. Berlin, 2006

kòplegen adamlar shártnama tiykarında kòshedi jáne bul process ele da dawam etpekte. Mısalı, aqırǵı statistikalıq maǵliwmatlarǵa qaraǵanda bul mámleketke tek Indiyanıń òzinen 1,5 million adam kòship kelgen. Indiyalıq migrantlar dúnya kóleminde òziniń intellektuallıq potencialı sebepli kompyuter programmaları ustası retinde belgili bolsa-de, biraq olardıń Amerikadaǵı iskerligi Evropa mámleketleri puqaralarına tiyisli plantaciyalarda islewi menen baylanıslı bolıp tabıladı.

Migraciyanıń keyingi dáwiri XIX ásirdiń aqırları hám XX ásirdiń baslarına kelip, AQSHtiń sanaatın joqarı pát penen rawajlanıwı arqalı belgilenedi[5]. Bul waqıtta Qubla hám arqa Evropanıń ekonomikalıq turǵın aymaqlarınan hám repressiv siyasiy sistemalarınan qashqan millionlap jumısshılar 1850 jıldan 1930 jıldaǵı Ullı Depressiyaǵa AQSHqa kòship ketiwdi dawam etedi. Olardıń arasında asharshılıqtan qashqan Irlandiyalıqlardıń áwmetin sınap kòriw ushın ketken ingliz, nemis hám francuzlardi jumıssızlıqtan dińkesi qurıǵan Italiyalıq hám polyaklardi etnik tárepten krizis evrey hám basqa millet wákillerin kòplep ushıratıw múmkin edi. Bul waqıtta Nyu Yorkdagi Ellis atawındaǵı immigracion teksergende migrantlardiń sanı derlik 12 mln. adamdı quradı[6].

Migraciyanıń keyingi úlken dáwiri ekinshi jáhán urısınan keyin Evropa, arqa Amerika hám Avstraliyadaǵı ekonomikanı qayta tiklew ushın jumısshı kúshi zárúr bolǵanlıǵı sebepli júz berdı. Mısalı, bup turk migrantlariniń Germaniyaǵa, arqa Afrikalıqlardıń Franciya hám Belgiyaǵa keliwi menen baylanıslı.

Sol waqıtta koloniyadan shıǵıw ele dawam etip atırǵan bolip dúnyanıń túrli múyeshlerinde "úshinshi mámleketlikler" dep atalǵan kòplep jámiyetlerde azatlıq háreketleri nátiyjesinde, kolonizatorliq zulmınan qutılıw dáwiri baslanadı[7]. Biraq onıń dàwirinde da migracion process saldamlı tús aladı. Bul dáwir, 1947 jılda Indiyada bolǵan azatlıq háreketi hám Pakistan mámleketiniń payda bolıwı nátiyjesinde, millionlap hindlar hám musılmanlardıń, hám de Izrail mámleketiniń payda bolıwı nátiyjesinde ishki dawlar sebepli, evrey hám Palestinalıqlardıń jayların ketiwleri menen baylanıslı[8]. Sonday aq jeńiliwge dus kelgen Germaniya hám Yaponiyadan AQSHqa intellektuallıq migraciya kúsheydi.

Háwij alǵan migraciya súwreti AQSHqa salıstırǵanda òtken ásirdiń 90-jılları basında biraz passivlesken bolsa, Evropa regioninda xalıq aralıq migrantlarniń kúshine bolǵan talap 70-jıllarǵa kelip derlik mútajlik sezbeydi. Bul dáwirlerde global ekonomikanıń basqarıw kúshi Aziya tárepke kùsheye baslaydı. Bul bolsa sonda da xalıq tıǵız jasaytuǵın jerlerde migrantlarǵa, atap aytqanda, miynet migraciyasina bolǵan talaptı asıradı. Aqırında migrant qabıl etiwshi mámleketlerde sońǵı jıllarda

[5] Roger Daniels. *Coming to America: A History of Immigration and Ethnicity in American Life*. New York, 2002
[6] National Park Service. *Ellis Island Immigration Statistics*, New York
[7] Eric Hobsbawm. *The Age of Extremes: The Short Twentieth Century 1914–1991*. London, 1994
[8] Mark Mazower. *Dark Continent: Europe's Twentieth Century*. New York, 1998

turar jaysızlar, qashqınlar migrantlardiń háreketi basqarip bolmas dárejege jetti. Bul haqqında, xalıq aralıq kólemde migraciya sistemasın tártipke salıw boyınsha qatar joybarlar islep shıǵıwdı talap etti.

Birinshiden, migrantlar arasında hayallar úlesi tez túrde asıp barıp atır. 2007-jılda jer júzi boyınsha migrantlardiń derlik yarımı hayallar boldi, olardıń úlken bólegi rawajlanǵan mámleketlerde xızmet kórsetip atır[9]. BMSHniń statistikalıq maǵliwmatlarina kòre 2005-jılda Evropa, Latin Amerikası, qubla Amerika, Okeanıya hám burınǵı Birlespe mámleketlerinde er adam migrantlarga qaraǵanda hayal migrantlar kòbirek bolǵan[10]. Dıqqatqa ılayıq tárepi, dáslepki waqıtlarda hayallardıń migratsiyada qatnasıwda tiykarǵı maqsetlerinen biri dàsturlerden kelip shıqqan halda kiyewleri menen birge bolıw bolsa, búgingi kúnde ǵárezsiz tárzde kòship atırǵan hayallar qatnası artıp barıp atır, olar tiykarinan shańaraqlarınıń tiykarǵı baǵıwshisı retinde ketpekte.

Ekinshiden, migrantlari az mámleketler tranzit hám olar baratuǵın (mánzil) mámleketlikler arasındaǵı dàsturiy parıq túsiniksiz bolıp qaldı. Búgingi kúnde dúnyadaǵı derlik barlıq mámleketler qadaǵalawdı ámelge asırıw ushın ùsh wazıypanı orınlap atır, yaǵniy migrantlar bul mámleketlerden shıǵarılıp atır, mámleketlikler tranzit wazıypasın orınlap atır hám migrantlar olarǵa qaray jol alıp atır.

Shaxstiń jasaw jayın erkin tańlawın tán alıw migraciya ǵalabalıq, xalıq aralıq tús alıp atırǵan házirgi dáwir hám jámiyetler ushın uzaq izertlewler aparıwdı talap etip atırǵan máselelerden biri bolıp tabıladı. Insan huqlari hám mànawiy materiallıq qádiriyatlar kózqarasınan ol, gumansiz unamlı áhmiyetke iye. Shaxstiń òz mànawiy-materiallıq mútajliklerin qandırıw ushın barlıq mámleketlikler de real teń múmkinshilikler jaratılǵan dep bolmaydi. Diniyge berilgenlik, konservativ qarawlar, demokratiyanı til ushinda tán alıp atırǵan, tiykarınan bolsa jalǵız pikirdi erkin pikirlikti geyde ashıq, geyde jabıq qadaǵalap atırǵan mámleketlerden ashıq puqaralıq jámiyeti qurıp atırǵan Batis mámleketlerinde migraciya kúsheyip atır. Hár jılı Batis mámleketlerine Aziya hám burınǵı SSSR respublikalarınan 4 millionǵa jaqın kisi migraciya etiledi. Bunday processler Qitay, Yaponiya, Indiyadan AQSHqa kòshiwde kòzge taslanadı. Sonday eken, migraciya ulıwma planetar xarakter keltirip shıǵalrıp atır.

Kòshiw tek jumısshı kúshleriniń jılısıwı emes, ol milliy materiallıq qatlamlardıń jılısıwı da bolıp tabıladı. Ol mádeniyatler ara integraciyanı keńeytiredi, ulıwma insanıylıq mànawiy-materiallıq qádiriyatlardıń, turmıs táriziniń rawajlanıwına pútkil insaniyat ushın normativ áhmiyetke iye bolǵan materiallıq paradigmalardıń qáliplesiwine alıp keledi. "Emigraciya hám immigraiya turmıstıń geosiyosiy, siyasiy, ekonomikalıq, etnomadaniy, social tarawlarına tasir etedi"

Házirgi dáwirde Oraylıq Aziya mámleketlerindegi migraciya aǵısların basqarıw mashqalası mámleketler

---

[9] United Nations. *World Migration Report 2008*. New York, 2008

[10] International Organization for Migration. *Global Migration Trends 2005–2007*. Geneva, 2007

ekonomikalıq qàwipsizligin qáliplestiriwdiń áhmiyetli faktorlarınıń birine aylanıp atır. Sebebi, migraciya (atap aytqanda, miynet migraciyasi) songı waqıtlarda regionnıń qatar mámleketleri ushın ózgeshelik payda etpekte. Regiondaǵı migraciya tekǵana òziniń kòrinbegen úlken kólemi, bálki tek ǵana bir mámleketke - Rossiyaǵa jònelgenligi menen xarakterli bolıp tabıladı. Maǵliwmatlarǵa kòre, Rossiya imigraciya kòlemine kòre úlkenligi tárepinen ekinshi orinda turadı. Bul bolsa, Oraylıq Aziya regioniniń derlik barlıq mámleketlerin siyasiy hám ekonomikalıq máplerine tikkeley baylap qoyadı.

Regiondaǵı mámleketler migraciya processleriniń ekinshi zárúrli ózgesheligi migrantlardan alınıp atırǵan finanslıq tùsimlerden bul mámleketlerdiń baylanıslılıǵı joqarı dárejesi bolıp tabıladı. Maǵliwmatlarǵa kòre region mámleketlerine migrantlar tárepinen jiberilip atırǵan pul jònetpeleri Tàjikstan 20 -25% ke seemed Qirǵizstanda 16%ke shekem quraydı. Baylanıslıqtiń bunday dárejesi ekonomikalıq qàwipsizlik bolıp tabıladı. Rossiyada jumısshı orınlarınıń sońǵı qısqartiliwi Qirǵistan Respublikası migraciya hám bántlik agentligi direktorı A. Riskulovaniń biykarǵa saldamlı uwayımǵa salmapti[11] onıń pikirine kòre, jáhán ekonomikalıq daǵdarısına baylanıslı halda migrantlardan pul tùsiwiniń azayıwı házirshe gúzetilmey atır. "Biraq migrantlardan keletuǵın tùsimler azayıwı múmkin, sebebi krizis jumıs orınlarınıń qısqarıwına alıp keledi, bul bolsa, jumıssızlıqtıń kòbeyiwi yamasa shet elge pul tabıw ushın ketken adamlardıń is haqısı azayıwına alıp keliwi múmkin. Bank jònetpeleri boyınsha Qirǵizstanǵa migrantlar òtkizip atırǵan pullar 800 millionnan kòbirek AQSH dolların quraydı, biraq sol hayaldıń sòzlerine kòre, eger olar pullardı aǵayınları arqalı jiberiwdi yamasa kòshpes múlk satıp alınǵan zat etip atırǵanın esapqa alatuǵın bolsaq, bul summa 1 milliard AQSH dollarınan asıp ketiwi múmkin. Bunnan tek ǵana Qirǵizstan Respublikasınıń ekonomikalıq, bálki milliy qàwipsizligine de saldamlı xater bolıwı múmkinligin, atap aytqanda, bul jerde Qirǵizstan sırtqı qarızı sezilerli ekenin de esapqa alıw zárúrligi haqqındaǵı juwmaq kelip shıǵadı.

Jàhàn finanslıq krizisi nátiyjesinde kòplep màmleket jumıs orınları qisqartilmaqta. BMSH rawajlanıw programmasınıń Evropa hám MDX màmleketleri boyınsha regionlıq byurosı oraylıq Aziya departamenti direktorı global krizis dúnya boyınsha 240 mln. kisi jumısınan ayrıldı 170 mln. nan artıq kisi jumıssiz bolıp qaldı[12]. Jàhàn civilizatsiyasiniń házirgi rawajlanıw basqıshı social-ekonomikaliq, siyasiy hám materiallıq munasábetler integraciyalasiwi hamed globallasıwı menen xarakterlenedi.

Juwmaqlap aytqanda, migraciya processleri tek ǵana jumısshı kúshiniń háreketi emes, al milliy, mádeniy hám sociallıq qatlamlardıń almasıwı sıpatında global hám regionallıq kólemde úlken áhmietke iye. Bul processlerdi nátiyjeli basqarıw arqalı mámleketler jumısshı

[11] International Organization for Migration. *Labour Migration and Remittance Trends in Central Asia*. Geneva, 2007

[12] International Labour Organization. *Global Employment Trends 2009: Overcoming the Crisis*. Geneva, 2009

kúshi resursların tártipke salıwı, integraciya procesin jeńillestiriwi hám ekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlewi múmkin.

Germaniya hám Orta Aziya mısallarında kórgenimizdey, migraciya siyasatı, tanıstırıw hám integraciya kursları, puqaralıq qaǵıydaları hám miynet migraciyasın qadaǵalaw mexanizmleri jumısshı kúshinen nátiyjeli paydalanıwdı hám sociallıq turaqlılıqtı támiyinleydi. Sonıń menen birge, migraciya processleriniń sociallıq, siyasiy hám finanslıq aqıbetleri, sonday-aq, insan huqıqları hám mádeniy ózgesheliklerdi esapqa alıw zárúrligi de áhmiyetli mashqala bolıp qalmaqta. Nátiyjede, xalıqaralıq miynet migraciyasın ilimiy tiykarda úyreniw hám basqarıw zamanagóy sociallıq-ekonomikalıq izertlewler ushın áhmietli hám aktual tema ekenligi kórinedi.

## References:

1. United Nations. *World Population Prospects 2022*. New York: United Nations, 2022
2. German Nationality Act (Staatsangehörigkeitsgesetz). Berlin, 2000
3. Federal Statistical Office of Germany. *Population and Migration in Germany*. Wiesbaden
4. Federal Government of Germany. *The National Integration Plan*. Berlin, 2006
5. Roger Daniels. *Coming to America: A History of Immigration and Ethnicity in American Life*. New York, 2002
6. National Park Service. *Ellis Island Immigration Statistics*, New York
7. Eric Hobsbawm. *The Age of Extremes: The Short Twentieth Century 1914–1991*. London, 1994
8. Mark Mazower. *Dark Continent: Europe's Twentieth Century*. New York, 1998
9. United Nations. *World Migration Report 2008*. New York, 2008
10. International Organization for Migration. *Global Migration Trends 2005–2007*. Geneva, 2007
11. International Organization for Migration. *Labour Migration and Remittance Trends in Central Asia*. Geneva, 2007
12. International Labour Organization. *Global Employment Trends 2009: Overcoming the Crisis*. Geneva, 2009